May, 2025-Yil

# PSIXOLOGLIQ MÁSLÁHÁT BERIW PROCESINDE USHIRASATUǴIN QIYINSHILIQLAR HÁM KEMSHILIKLER

**Aldjanova Guljahan Amangeldievna**
docent Pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktori, PhD.
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti.
**Nızamova Matlyuba**
A`meliy psixologiya qániygeliginin` 4-kurs talabası.
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti.

https://doi.org/10.5281/zenodo.15507373

***Annotaciya****. Usı maqalada psixologiyalıq keńes beriw procesinde psixolog hám klient arasında júzege keletuǵın qıyınshılıqlar, qatnasıqtaǵı tosıqlar, etikalıq mashqalalar, sonday-aq, psixologlardıń kásiplik tayarlıǵına baylanıslı kemshilikler analiz etiledi. Sonday-aq, bar mashqalalardı saplastırıw boyınsha usınıslar hám sheshimler keltirilgen. Maqala psixologiyalıq xızmet nátiyjeliligin arttırıwǵa qaratılǵan ámeliy usınıslardı óz ishine aladı.*

***Gilt sózler****: psixologiyalıq keńes beriw, qıyınshılıqlar, kemshilikler, psixologiyalıq xızmet.*

# ТРУДНОСТИ И НЕДОСТАТКИ, ВОЗНИКАЮЩИЕ В ПРОЦЕССЕ ПСИХОЛОГИЧЕСКОГО КОНСУЛЬТИРОВАНИЯ

***Аннотация.*** *В данной статье рассматриваются основные трудности и недостатки, возникающие в процессе психологического консультирования, включая барьеры в коммуникации, этические дилеммы и недостаточную профессиональную подготовку специалистов. Также предлагаются практические рекомендации по устранению этих проблем для повышения эффективности психологической помощи.*

***Ключевые слова****: психологическое консультирование, трудности, недостатки, коммуникация, этические проблемы, психологическая помощь.*

# DIFFICULTIES AND SHORTCOMINGS ENCOUNTERED IN THE PROCESS OF PSYCHOLOGICAL COUNSELING

***Abstract.*** *This article explores the main challenges and shortcomings in the process of psychological counseling, such as communication barriers, ethical dilemmas, and lack of professional competence among counselors. It also provides practical recommendations and strategies for overcoming these issues to enhance the quality and effectiveness of psychological services.*

***Keywords****: psychological counseling, challenges, shortcomings, communication, ethical issues, psychological services.*

Zamanagóy psixologiyalıq ámeliyatta másláhát beriw jeke, shańaraqlıq, sociallıq mashqalalardı sheshiwde áhmiyetli rol oynaydı. Biraq, psixologiyalıq másláhát beriw procesinde túrli qıyınshılıqlar hám kemshilikler bar bolıp, olar nátiyjelilikke tásir etedi. Bul maqalada áne usı mashqalalar tallanadı hám olardı saplastırıw jolları dodalanadı

1. Psixologiyalıq keńes beriwdiń teoriyalıq tiykarları.

- Keńes beriw túsinigi, maqseti hám funkciyaları.
- Psixologiyalıq másláhát túrleri (individual, topar, onlayn hám basqalar).

- Keńes beriw basqıshları: mashqalanı anıqlaw, maqset qoyiw, strategiyanı tańlaw, monitoring hám bahalaw.

2. Psixologliq keńes beriw procesinde ushırasatuǵın tiykarǵı qıyınshılıqlar.

- Baylanistaği tosqınlıqlar: psixolog hám klient arasında isenimniń jeterli yemesligi, til hám mádeniyat ózgeshelikleri.
- Klienttiń motivaciyası tómen boliwi: májbúrlep alıp kelingen klientler, másláhátke tayar emesligi.
- Diagnostikalıq anıqsızlıqlar: naduris mashqala anıqlanıwı, naduris jantasıw tańlanıwı.
- Asa emocional júkleme: psixologtiń janıwın (burnout) aldın alıw qıyınshılıǵı.
- Etikalıq qıyınshılıqlar: jeke shegaralar, jasırınlıqtı támiyinlew, umtılıwlar soqlıǵısıwı.

3. Psixologlıq keńeslewdegi kemshilikler.

- Jeterli tayarlıq kórmegen qánigeler: teoriyalıq bilimniń ámeliyatqa engizilmewi.
- Járdemshi mexanizmlerdiń joqlıǵı: psixologtiń basqa qánigeler menen birge islespewi.
- Jergilikli sharayatqa sáykes kelmeytuǵin metodikalar: Batis tájiriybesin tikkeley kóshirip aliw.
- Mámleket tárepinen qollap-quwatlawdıń jetispewshiligi: materiallıq-texnikalıq baza, nızamlı tiykarlar.

4. Qıyınshılıq hám kemshiliklerdi saplastırıw jolları.

- Kásiplik tájiriybe arttırıw kursların kóbeytiw.
- Psixologlar ushın superviziya hám interviziyalar kirgiziw.
- Jergilikli sharayatqa sáykes metodikalardı islep shıǵıw.
- Etika kodeksine qatań ámel etiw hám onı ámeliyatqa engiziw.
- Klientti másláhátke tayarlaw boyinsha psixoedukciyalıq jumislar.

Psixologiyalıq keńes beriwde ushırasatuǵın qıyınshılıqlar hám kemshilikler psixologiyalıq xızmet sapasına tikkeley tásir etedi. Olardı tereń tallaw hám sistemalı túrde sheshimin tabıw psixologiyalıq ámeliyattıń nátiyjeliligin asıradı. Sol sebepli, hár bir psixolog óz ústinde islewi, tájiriybe almasıwı hám etik normalarǵa ámel yetiwi áhmiyetli yesaplanadi.Búgingi kúnde jámiyette júzege kelip atırǵan túrli psixologiyalıq mashqalalar adamlardıń psixologiyalıq másláhátke bolǵan talabın arttırmaqta. Psixologiyalıq keńes beriw – bul klienttiń mashqalasın sheshiwde oǵan járdem beriw, onı psixologiyalıq jaqtan qollap-quwatlaw hám ishki resursların jedellestiriwge qaratılǵan process esaplanadı. Biraq, bul process barlıq waqıtta ańsat óte bermeydi.

Ámeliyatta psixologlar túrli qıyınshılıq hám kemshiliklerge dus keledi. Bul maqalada psixologiyalıq másláhát beriw procesinde júzege keletuǵın tiykarǵı mashqalalar, olardıń sebepleri hám olardı saplastırıw jolları analizlenedi.Psixologiyalıq keńes beriwdiń mazmuni hám wazıypalarına psixologiyalıq másláhát – bul klientke belgili bir psixologiyalıq mashqalanı sheshiwde járdem beriwge qaratilgan professional xizmet. Bul xizmet:

Jeke ósiw hám rawajlanıw;

Shańaraqlıq hám sociallıq mashqalalardı sheshiw;

Stress, qáweter, depressiya sıyaqlı jaǵdaylardı jeńip ótiw;

Qarar qabıl etiwde járdem kórsetiw sıyaqlı maqsetlerdi óz ishine aladı.

Keńes beriwdiń tiykarǵı basqıshları tómendegilerden ibarat:

1. Mashqalanı anıqlaw hám bahalaw;
2. Isenimli múnásibet ornati;
3. Maqsetti aniqlastırıw;
4. Strategiya hám jantasıwdı tańlaw;
5. Nátiyjelerdi bahalaw hám juwmaqlaw.

1. Psixologiyalıq keńes beriw procesinde ushırasatuǵın qıyınshılıqlar.

Psixologlıq másláhátlesiw procesinde júzege keletuǵın tiykarǵı qıyınshılıqlar tómendegiler bolıwı múmkin:

Qarım-qatnastaǵı tosqınlıqlar: Klient penen isenimli baylanıs ornatiw psixologiyalıq másláhátlesiwdiń tabıslı bolıwında sheshiwshi faktor esaplanadı. Geyde klient ózin ashpaydı yamasa psixologtan uzaqlasadı. Bul jaǵday ásirese balalar, jas óspirimler yamasa májbúriy alıp kelingen shaxslarda baqlanadı.

Kognitiv hám emocional tosqınlıqlar: Ayırım jaǵdaylarda klient óz mashqalasın tolıq túsinbegen yaki onı biykarlap atırǵan boladı. Sol sebepli másláhátlesiwdiń dáslepki basqıshlarında psixolog úlken ishki qarsılıqqa dus keledi.

Mádeniy ayırmashılıqlar hám qádiriyatlar soqlıǵısıwı: Psixolog hám klient hár qıylı mádeniy qatlamlardan bolsa, jantasıwlarda ayırmashılıqlar payda boladı. Máselen, gender máseleleri yaki shańaraq strukturası boyınsha pikirler hár qıylı bolıwı múmkin.

Etikalıq qıyınshılıqlar: Jekelikke ámel etiw, kásiplik shegaralardı saqlaw, máplerdiń soqlıǵısıwı sıyaqlı máseleler kóplegen dilemmanı keltirip shıǵarad

Psixologtıń jeke faktorları: Psixologtıń ózi de ruwxıy jaqtan sharshaǵan yaki emocional turaqlılıǵın joǵaltqan bolıwı múmkin. Bul bolsa másláhát sapasına unamsız tásir kórsetedi.

2. Psixologlıq keńes beriwdegi kemshilikler.

Ámeliy tayarlıqtıń jetispewshiligi: Geyde teoriyalıq bilimge iye bolgan psixolog ámeliy mashqalalardı sheshiwde qiynaladı. Psixologiyalıq másláhát procesin jeterli ámeliy tájiriybeciz alıp barıw nátiyjesiz boladı.

Metodikalıq jantasıwlardıń naduris tańlanıwı: Batista islep shigilgan metodlar tikkeley biziń sharayatımızda qollanılganda nátiyje bermewi múmkin. Jergilikli mentalitet hám qádiriyatlardı esapqa alıw zárúr.

Psixologiyalıq járdem sistemasınıń rawajlanbaǵanlıǵı: Mektepler, poliklinikalar, jumıs orınlarında psixologiyalıq xizmet kórsetiw sisteması tolıq qáliplespegen. Bul bolsa járdem alıw imkaniyatların shekleydi.

3. Qıyınshılıq hám kemshiliklerdi saplastırıw jolları.

- Turaqlı tájiriybe arttırıw hám superviziya sistemasın engiziw;
- Jergilikli sharayatqa say psixodiagnostika hám keńes beriw metodikaların islep shiǵiw;
- Psixologiyalıq xızmet tarmaǵın keńeytiw hám sociallıq qorǵawdı kúsheytiw;
- Etika kodeksine qatań ámel etiw hám jeke refleksiyanı rawajlandırıw
- Klientler menen islesiwde empatiya, aktiv tıńlaw hám nátiyjeli sóylesiw kónlikpelerin bekkemlew.

Psixologiyalıq másláhát beriw procesi quramalı hám kóp basqıshlı jumıs bolıp, ol tek teoriyalıq emes, al ámeliy jaqtan da joqarı tayarlıqtı talap etedi.

Másláhátlesiw procesindegi qıyınshılıq hám kemshiliklerdi anıqlap, olardı saplastırıw ilajlarınıń islep shıǵılıwı, bul tarawdıń sapalı rawajlanıwına xızmet etedi. Psixologlar tek bilim emes, al kásiplik etikaǵa sadıqlıq, empatiya hám óz ústinde islew arqalı nátiyjeli jumıs alıp barıwı múmkin.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Karvasarskiy B.D. Klinik psixologiya. – Tashkent, 2022.
2. Kori G. Teoriya i praktika konsultirovaniya i psixoterapii. Belmont: Brooks/Cole, 2017.
3. Ruzmetova D., Axmedova M. Ámeliy psixologiya tiykarları. – Tashkent: Ózbekstan, 2020
4. Yusupova Z. Psixologiyalıq másláhát hám psixokorrekciya. – Samarqand, 2021.
5. APA: Ethical Principles of Psychologists and Code of Conduct. – Amerika Psixologiya Associaciyası, 2017.
6. Aldjanova G., Bekmuratova G. ÓSPIRIMLER XARAKTERINDE TOLERANTLIQTIŃ ORNI //Modern Science and Research. – 2025. – T. 4. – №. 5. – C. 39-42.
7. Aldjanova G., Yernazarova G. " MEN HÁM MENIŃ DENEM": DENESINE BOLǴAN QATNAS ÓSPIRIMNIŃ ÓZIN-ÓZI BAHALAW ÁHMIYETLI FAKTOR SIPATINDA //Modern Science and Research. – 2025. – T. 4. – №. 5. – C. 43-46.
8. Aldjanova G., Qosbawlieva Q. SOCIAL-PSYCHOLOGICAL TRAINING AS A WAY TO CHANGE PERSONAL AND BEHAVIORAL FEATURES //Modern Science and Research. – 2025. – T. 4. – №. 4.
9. Aldjanova G., Qosbawlieva Q. SOCIAL-PSYCHOLOGICAL TRAINING AS A WAY TO CHANGE PERSONAL AND BEHAVIORAL FEATURES //Modern Science and Research. – 2025. – T. 4. – №. 4.
10. Aldjanova G. A. TYPES OF LEARNING ACTIVITIES IN THE CREDIT-MODULAR TRAINING SYSTEM //Modern Science and Research. – 2023. – T. 2. – №. 9. – C. 15-21.
11. Didenko I. A., Frantseva E. N. Features of interaction between preschool teachers and "special" children and their parents //Procedia-Social and Behavioral Sciences. – 2016. – T. 233. – C. 459-462.
12. Aljanova G. A. Development of creative thinking in the process of learning in higher school. – 2021.
13. Aljanova G. A. Formation of Young Teacher Professionalism Through Mentoring //European Scholar Journal. – 2021. – T. 2. – №. 11. – C. 128-130.
14. Альджанова Г. А. ЭФФЕКТИВНЫЕ ВОЗМОЖНОСТИ ПСИХОДИАГНОСТИКИ В ПОДГОТОВКЕ БУДУЩЕГО УЧИТЕЛЯ //Путь науки. – 2017. – №. 4. – С. 66-67.
15. Альджанова Г. ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ МӘДЕНИЯТ КОНЦЕПЦИЯСЫ НЕГИЗЛЕРИ //ВЕСТНИК КАРАКАЛПАКСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО УНИВЕРСИТЕТА ИМЕНИ БЕРДАХА. – 2018. – Т. 38. – №. 1. – С. 53-56.
16. Альджанова Г. А. ЭФФЕКТИВНОСТЬ ЗНАКОВО-КОНТЕКСТНОЙ ТЕХНОЛОГИИ В ПОДГОТОВКЕ БУДУЩЕГО УЧИТЕЛЯ В ВЫСШИХ ОБРАЗОВАТЕЛЬНЫХ УЧРЕЖДЕНИЯХ //Актуальные проблемы гуманитарных и естественных наук. – 2018. – №. 11. – С. 89-92.

17. Альджанова Г. А. МОДЕЛЬ ФОРМИРОВАНИЯ ПРОФЕССИОНАЛЬНЫХ КОМПЕТЕНЦИЙ БУДУЩИХ УЧИТЕЛЕЙ В УСЛОВИЯХ ПРОЕКТНО-КОНТЕКСТНОГО ОБУЧЕНИЯ

MODERN SCIENCE & RESEARCH